

**Lekòl Piblik Brookline yo  
Biwo Ansèyman ak Aprantisaj**

***Apèl pou Volontè Paran/Responsab***

**Komite Evelyasyon Pwogram Matematik K-8  
2017-2018**

Biwo Ansèyman ak Aprantisaj la ap chèche volontè pou sèvi nan *Komite Evelyasyon Pwogram* nan pou Pwogram Matematik K-8 la. Sa se yon bèl okazyon pou travay ann ekip avèk diferan kalite moun nan kominote a sou yon pwojè ki pral jwe yon wòl dirèk nan amelyore pèfòmans tout elèv yo.

**Ki sa Evelyasyon Pwogram ye?** Depi 2004, tout pwogram ak matyè Lekòl Piblik Brookline yo patisipe nan yon pwosesis evelyasyon kote yon komite chèche enfòmasyon epi egzamine ransèyman pou devlope objektif e idantifye teknik pou pèmèt pwogram nan kontinye amelyore. Objektif pwosesis evelyasyon an se pou amelyore pèfòmans elèv yo. Yon Komite Evelyasyon Pwogram responsab pou l suiv pwosesis sa a pou chak pwogram. Matematik K-8 ap antre nan dezyèm tou Evelyasyon Pwogram nan. Dènye Evelyasyon Pwogram Matematik K-12 te fèt an 2005.

**Kiyès ki nan komite a?** Komite Evelyasyon Pwogram nan gen ladan l pwofesè, administratè, ak reprezantan paran yo. Komite ECS la pral gen kòm prezidan Direktè Prensipal Pwogram nan, Meg Maccini, ak Kowòdonatè Pwogram Matematik K-8 la, Kathleen Hubbard. Manm komite yo dwe dispoze etidye rechèch aktyèl, analize ransèyman, kenbe tout bagay konfidansyèl, poze kesyon paske yo rann yo kont yo pa konn tout bagay, respekte pwosesis gwoup la, epi bay kolaborasyon anpil valè. *N ap chèche 2 a 3 paran pou komite evalyasyon pwogram sa a, e nou ta renmen yo reprezante diferan klas ak lekòl.\**

**Konbyen tan sa mande:** Tout pwosesis pou evalye yon pwogram pral mande komite a travay pandan anviwon 1 a 2 ane. Manm komite yo dwe kapab asiste reyinyon k ap fèt apre lè lekòl la chak mwa (reyinyon sa yo ap fèt nan dezyèm mèkredi chak mwa depi 4 è pm rive 6 è pm). Anvan e apre reyinyon chak mwa yo, manm yo pral egzamine enfòmasyon, soulve kesyon, epi patisipe nan aktivite komite a detèmine. *Manm komite yo dwe kapab asiste reyinyon sa yo.*

Men dat reyinyon pou ane 2018 la: **10 Janvye, 14 Fevriye, 14 Mas, 11 Avril, 9 Me, 13 Jen**

**Si sa enterese w pou w sèvi nan Komite Evelyasyon Pwogram Matematik K-8 la, tanpri, ranpli yon fòmile (li ansanm ak lèt sa a) epi depoze l selon enstriksyon an anvan 29 desanm. Y ap enfòme reprezantan paran/responsab yo anvan 5 janvye 2018.**

\*Lè y ap fòme komite, ko-prezidan an pral asire diferan lekòl ak diferan pwennvi reprezante nan komite a. Yo gendwa bay yon paran konsiderasyon espesyal si l gen eksperyans nan yon domèn presi ki gen rapò ak pwogram y ap evalye a. Desizyon final la sou kiyès k ap nan komite a poze sou Depite Siveyan Jeneral pou Ansèyman ak Aprantisaj la.

# Lekòl Piblik Brookline yo

## Biwo Ansèyman ak Aprantisaj: Evalyasyon Pwogram

## **Komite Evalyasyon Pwogram – Fòmile Demann Paran/Responsab pou 2017-2018**

## EVALYASYON PWOGRAM MATEMATIK K-8

Sèvi kòm reprezantan paran/responsab nan yon Komite Evelyasyon Pwogram se yon angajman ki yon ti jan long. Pwosesis evelyasyon an gen 4 faz ladan l, e jeneralman yo pran 2 a 3 ane antou. Pandan premye 2 ane yo, y ap fè reyinyon apre lè lekòl la chak mwa (4 è pm rive 6 è pm) epi youn oubyen 2 reyinyon ki dire tout jounen an. Ane apre yo ka gen reyinyon pafwa pandan komite a tèmine 4 faz ki gen nan pwosesis la. Manm yo dwe gen posiblite asiste reyinyon yo epi yo dwe prevwa yo pral pase tan ap travay pou komite a anvan e apre chak reyinyon.

Manm komite yo dwe dispoze etidye rechèchè aktyèl, analize ransèyman ki soti nan Lekòl Piblik Brookline yo, kenbe tout bagay konfidansyèl, poze kesyon paske yo rann yo kont yo pa konn tout bagay, respekte pwoesison gwoup la, epi bay kolaborasyon anpil valè.\*

Manm komite yo pral itilize imèl pou kominike youn ak lòt. Reyinyon komite chak mwa yo pral kòmanse an Janvye 2018.

Non:

**Lekòl: Klas pitit pa w yo ap fè pandan ane lekòl 2017-18 la:**

**Telefòn:** **Imèl:**

**Èske pitit ou patisipe nan yon Pwogram Lekòl Piblik Brookline tankou STEPs to Success, Metco, African American and Latino Scholars Program (Pwogram Savan Afriken-Ameriken ak Latino)? Tanpri, ankadre ki pwogram.**

**Poukisa w enterese sèvi sou Komite Evalyasyon Pwogram Matematik K-8 la?**

**Ki sa w ka kontribye nan komite a (kapasite ki gen rapò ak travay an gwoup, konesans/eksperyans, elatriye)?**

\*Lè y ap fòme komite, ko-prezidan an pral asire differan lekòl ak differan pwennvi reprezante nan komite a. Desizyon final la sou kiyès k ap sèvi kòm manm (ni paran ni pwofesè) nan men Depite Siveyan Jeneral Ansèyman ak Aprantisaj la.

Rele oubyen voye yon imèl bay Meg Maccini pou w jwenn plis enfòmasyon sou evalyasyon pwogram:  
meg\_maccini@psbma.org (617) 730-2427

Ou dwe depoze fòmilè sa a nan “Office of Program Review & Grants”, 5<sup>èm</sup> Etaj, Town Hall (Meri a) anvan 29 desanm 2017. Y ap enfòme paran yo anvan 5 janvye. Voye yon kopi pa imèl bay meg [maccini@psbma.org](mailto:maccini@psbma.org) Mèsi anpil!